




Netwayaj Ekolojik

Did you know?

Netwayaj woutin ka redui pousyè, alèjèn, ak pwodui chimik yo nan kay ou. Lè w ap netwaye itilize pwodui ki san danje yo, ki pi bon pou sante w ak anvivònman an.

Plan Daksyon

- Pou netwayaj woutin pousyè ak salte nan kay:** chwazi pwodui netwayaj ki pi san danje yo ki gen youn nan etikèt sa yo:

- Fè pwòp detèjan pa a avèk engredyan nan kay yo tankou vinèg ak bikabonat (gede wa wè reset yo nan paj ki swiv la).
- Pandan w ap netwaye, louvri fenèt yo epi limen yon vantilatè pou ogmante sikilasyon lè a. Konsidere mete gan pou pwoteje po ou.
- Mete pwodui netwayaj lwen kote timoun ak bèt domestik pa ka jwenn yo.
- Pa itilize dezodorizan chimik yo. Olye de sa, kenbe kay ou byen ayere (louvri fenèt yo). Itilize yon bwat bikabonat pou absòbe odè.
- Si ou bezwen touye mikwòb yo nan sifas kay ou:** sèvi avèk youn dezenfektan tankou idwojèn pewoksid (3%) oswa dilye klowòks pou sèvi nan kay. Pou plis enfòmasyon sou kijan pou itilize pwodui sa yo san danje, ale nan sitwèb: nyscheck.org/covid. Pou tradui, chwazi "Haitian Creole" nan meni "Select Language" afichaj la nan anba paj la.

[more](#) →



Pwodui Netwayaj Pou Tout Bi pou Netwayaj Woutin

1 tas dlo tyèd

3 gout savon likid san odè

½ tas vinèg blan

Ochwa: ajoute dlo sitwon ki fre

Melanje engredyan yo nan boutèy espre vid.

Itilize pou netwaye dives sifas nan kay ou.

Detèjan Pou Lavabo, Benywa, & Mozayik

Ajoute dlo avèk bikabonat pou fè yon pat.

Itilize pat la pou bwose sifas yo.

Byen rense.

Resous yo

Nan Eta Nouyòk, lekòl yo egzije pou sèvi avèk pwodui netwayaj yo ki "sansib a anviwònman". Pou plis enfòmasyon, ale nan sitwèb health.ny.gov epi chèche "Clean, Green, and Healthy schools."

Pou tradui, klike sou "Translate" nan meni afichaj la nan kwen dwat anlè a epi chwazi "Haitian Creole".

Pou plis enfòmasyon sou dezenfektan (pou touye mikwòb sou sifas yo) ale nan sitwèb: nyscheck.org/covid.

Pou tradui resous sa yo chwazi "Haitian Creole" nan meni "Select Language" afichaj ki anba paj la.

Pou plis enfòmasyon, ale nan sitwèb nyscheck.org/rxs.

Èske enfòmasyon sa te itil?
Ale nan sitwèb bit.ly/GreenCleaningRx pou fè nou konnen.

Version: April 2020



New York State Children's
Environmental Health Centers



NYSCHECK.ORG



NYSCHECK



@NYSCHECK